Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 52 (6513) 14 ноябрь 2016 с. Итни Сафар 1438 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## 17 ноябрь - участковиял уполномоченниязул къо

**Россиялда щибаб соналъул 17 ноябралда кIодо гьабула полициялъул участковиял уполномоченниязул къо. Гьеб байрам чIезабуна 2002 соналъул 6 сентябралда Россиялъул Федерациялъул жанисел ишазул министерствоялъ хъвараб буюрухъалда рекъон.**

Россиялъул пачалихъ цебетIеялъул киналго этапазда, участковиял уполномоченниязул хъулухъалъ кIудияб кIвараълъул бакI ккола жанисел ишазул органазда. ГIемерал суалал гIумруялде рахьинарула участковияз. Хъулухъалъулал тIадал ишал тIуралаго, гьез Россиялъул гражданазул гIумру, сахлъи, эркенлъи цIуниялъе гIемераб хIалтIи гьабула.

Гумбет районалъул полициялъул участковиял уполномоченниялги жидерго махщалилаб байрамалде рачIунел руго жамгIиял бакIазда гIадлу-низам цIуниялъул, административиял гIадлу хвезабиял, такъсирчилъи гьукъиялъул ва цогидалги масъалаби тIураялъул рахъалъ лъикIал хIасилалги росулаго. Божула, гьез хадуббккунги жидеда тIадал ишал хамусалда тIуразе рукIиналда.

РакI-ракIалъ байрамги баркулаго, участковиял уполномоченниязе гьарула халатаб гIумру, сахлъи, парахалъи.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

НИЛЪ БАРАБ АХIУЛЪГИ АХIАРАБ БОЛЪГИ

## ГIадлу - низам ва парахалъи цIунулел

### Гумбет районалда кIодо гьабуна полициялъул хIалтIухъанасул къо

**Россиялъул Федерациялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул данделъабазул залалда 10 ноябралда рохалида кIодо гьабуна Россиялъул жанисел ишазул хIалтIухъанасул къо.**

Рохалилаб тадбиралда гIахьаллъана Гумбет ОМВДялъул нухмалъулесул ишал тIуралев, полициялъул капитан **Зулпар МухIамадов,** районалъул прокурор, юстициялъул кIудияв гIакълучи **МухIамад МухIамадов,** «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Сулайманов,** Россиялъул пенсионнияб фондалъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев **Зубаир ГIабидов,** полициялъул хIалтIухъаби, тIаде къабул гьарун рукIана Гумбет ОМВДялда хIалтIулаго мустахIикъаб хIалхьиялде арал ветераназ.

Баркиялъулал рагIабиги абулаго, данделъи рагьана ва бачана Гумбет ОМВДялъул нухмалъулесул личный составалъулгун хIалтIул рахъалъ кумекчи, жанисеб хъулухъалъул подполковник Камалудин МухIамадсагIидовас.

Районалда парахалъи ва гIадлу-низам цIуниялда къадги къасиги свак лъачIого хIалтIулел полициялъул хIалтIухъабазда байрам баркана Гумбеталда бугеб жанисел ишазул отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Зулпар МухIамадовас, районалъул прокурор МухIамад МухIамадовас, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель АхIмад Сулаймановас, ПФРалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Зубаир ГIабидовас, полициялъул ветеран **Шамхал Ибрагьимовас.**

Гумбеталде пенсия босун рачIунел кIигояв чIварал такъсирчагIи хехго ралагьизе хIаракат бахъаралъухъ ОМВДялъул хIалтIухъабазе Россиялъул пенсиялъул фондалъул Дагъистаналъул управлениялъ бачIараб баркалаялъулаб кагъат цIалана Зубаир ГIабидовас.

Баркиялъулал кIалъаязда киназго гьарулеб букIана полициялъулазе сахлъи, рохел, хъизаналъулаб талихI, хIалтIулъ бергьенлъаби. Рецц-бакъалъул рагIаби абулел рукIана тIадаб ишалдехун кIвар кьун балагьулел, захIматаб хIалтIи ракI бацIадго тIубазабулел Гумбеталъул хIинкъи лъаларел полициялъулазул цIаралда. Абуна гьанжелъизегIан хIалтIарал гIадин, хадубккунги лъикI хIалтIизе тавпикъ кьегиян. Щибаб къоялъ гIадлу-низам, законал ва гIадамазул парахалъи цIуниялъул хъаравуллъуда ругел полициялъулазе баркала загьир гьабулеб букIана.



Жанисел ишазул министрасул рахъалдасан хIурматалъул грамота, ОМВДялъул нухмалъулесул ишал тIуралев Зулпар МухIамадовасе, Гумбет ОМВДялъул рахъалдасан грамотаби чанго полициялъулазе къуна. «Хъулухъалда тIокIлъиялъе гIоло» тIоцебесеб даражаялъул медалалъе 10, кIиабилеб даражаялъул гьебго медалалъе 7, лъабабилеб даражаялъул гьебго медалалъе 5 полициялъулав вихьизавун вуго.

Данделъиялда ракIалде щвезаруна хъулухъалъул тIадал ишал тIуразарулаго гIумруялдаса ратIалъарал полициялъулалги.

**Къурмагьиз ХIадисова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Гумбет районги гIахьаллъана АхIулгохIда хъала къачIаялъулъ

-2 гьум.



Гумбет районалъул больницаялда данделъаби

-2 гьум.




ЦIунаги цIа ккеялдаса, гьелъул зараладаса

-3 гьум.

«Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

Подписка - 2017

-4гьум.

Масала, гІакъилас гІадан теларо,
Тушман вугониги, гІадада хвезе.
Инхоса ПІали-хІажи

№ 52 14 ноябрь 2016 с.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ КВЕРАЛ ЧІАХЪАГИ

# Гумбет районги гІахьаллъана АхІулгохІда хъала къачІаялъулъ

АхІулгохІда хъала бай ахиралде щолеб буго. Гьеб ишалъулъ кІудияб бутІа лъолеб буго Гумбет районалдаса гІадамазги. Дагьал церегІан къояз, цогидал районаздаса гІадамалгун цадахъ, гьениб тІобитІараб субботникалда гІахьаллъана бетІералда культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гІолилазул ишазул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев МухІамад ГІумардибировгун гьеб отделалъул, Гумбеталъул маданияб централъул ва районалъул библиотекаялъул цо-цо хІалтІухъаби, ЧІиркъатІаса гІолилал.

Хъала жанисан ва къватІисан бацІцІад гьабиялда, лажбар бахиналда, гІодочІабаралда къоно тІекъараб бакІ чуриялда жигарчилъи бихьизабуна **Рапият УхІумагІалиевалъ, Залмо ГІабдулаевалъ, Мадина ХІасановалъ** ва цогидазги.





**Къурмагъиз ХІадисова**

ТІИБ

# Гумбет районалъул больницаялда данделъаби

**Районалъул централияб больницаялда тІобитІараб медхІалтІухъабазул данделъиялда «Вич инфекция, этиология, патогенез ва рахунел унтабаздаса цІуниялъе гьаризе кколел тадбирал» абураб темаялда кІалъай гьабуна рахунел унтабазул врач Рузмай Дарбишовалъ.**

* * *

Районалъул больницаялъул сах гьариялъул хІалтІул рахъалъ заместитель, бетІерал специалистал, участковиял больницабазул бетІерал тохтирал, киналго участковиял тохтирал ва гьоркьохъел медхІалтІухъаби данделъун рукІана гьал къояз. Гьениб гьоркьоб лъуна 2016 соналъул 10 моцІалъ гьабураб хІалтІул хІакъалъулъ суал. Бицана гьединго районалда онкологияб хъулухъалъул хІалтІул, гьелдаса цІуниялъул, унтарал сах гьариялъул рахъалъ цере чІарал масъалабазул.

Гьаб соналъул 10 моцІалъ гьарурал хІалтІабазул бицана киналго участковиял больницабазул, фельдшерлъиялъул пунктазул нухмалъулез, участковиял терапевтаз, лъималазул тохтираз. ХІисаб кьеязда аслияб кІвар буссинабун букІана лъималазул ва чІахІияб гІелалъул гІадамазул диспансеризация гьабиялъул, комплексниял планал тІураялъул бугеб хІалалде.

Данделъиялда гьоркьор лъурал цогидал суалаздасан кІалъаял гьаруна ЦРБялъул бетІерав тохтир МухІамад СайгидахІмадовас,ЧІиркъатІа участковияб больницаялъул терапевт Эльмира МухІамадбакъировалъ, районалъул поликлиникаялъул нухмалъулев ХІадис ГІалиевалъ.



**«Гумбет» РИО**

ХАЛКЪАЛЪУЛ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО

# МФЦялъул филиал –хІалтІуда

### КІвар бугел суалал гьоркьор лъола

**ГІемер функциялъулаб централъул Гумбет районалда бугеб филиалалда гІемер тІоритІула филиалалъул нухмалъулев ГІумар МухІамадовасул ва районалъул администрациялъул отделазул, учреждениязулгун гІуцІабазул нухмалъулезул дандчІваял.**

Бицуна филиалалъ гьабулеб хІалтІул, гІадамазе гьарулел хъулухъазул хаслъабазул, церечІарал масъалабазул.

Дагьал церегІан къояз МФЦялъул Гумбет районалда бугеб филиалалъул хІалтІухъабазул хІалтІулаб совещание тІобитІана. Филиалалъул нухмалъулев ГІумар МухІамадовас бицана гьарулел хъулухъазул къадар цІикІкІинабиялъул, гьел гьариялъул даража борхизабиялъул, гІадамазул хІажалъаби кьокъаб заманалда тІуразариялъул рахъалъ церечІарал жавабиял масъалабазул. ТІадчІей гьабуна кІвар бугел ва хехал суалал гІумруялде рахъинариялъе кинал тадбирал гьаризе кколелали, къваригІелалъ филиалалде вачІарасда, гьеб тІубаялъул иналъул кинаб хІал бугебали лъазабизе ккеялъул суалалда.



**Къурмагъиз ХІадисова.**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

# Берцинлъана къватІал, гІатІилъана нухал

**Гумбет районалъул Килалъ росдал администрациялъ кІудияб кІвар кьолеб буго машинаби хьвадулел нухал къачІаялде. Нух щулалъиялъе гьабулеб буго къед.**

Гьеб нухасан росдал тІасияб авалалде машинаби хьвадула. Росдал администрациялъул бюджеталда гьединал чІахІиял хІалтІаби гьаризе гІарац гьечІониги, администрациялъул бетІер АхІмад Каримовас гьелъие ресал ралагьана, гьеса кІвана гІадамазулги гьелде гьира базабизе, спонсорал ралагьизе. Гьедин росулъ исана гьарурал къадазул гІаммаб къадар бахуна 120 сажиналде. Берцинлъана къватІал, гІатІилъана нухал, гьелде тІадеги АхІмадица росулъ канализация гьабуна 350 метралда чІахІиял турбабиги лъун. ЦІадал рани къватІаздасан рилъине санагІалъи букІунароан гонгал нухаре чвахун.

**Исрапил Заирбегов.**

ГІАКІА АХІУЛЕБ БУГО

**КастІаниб как балеб рокъоб батун буго гьажалда балеб сагІат. Гьеб биларав вачІине бегьула МелъелтІа казначействоялъул отделалде.**

КЪУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГІАЛ

# Гумбет районалда тІобитІана спортивияб байрам

**Гумбет районалъул МелъелтІа физкультураялъулгун сахгьариялъул комплексалда 7 ноябралда тІобитІана «Спорт-гьеб сахлъи ккола! Ниж сахаб букІинеселъе гІоло» абураб ахІиялда гьоркьь спортивияб байрам.**

Спортивияб байрамалъул программаялда рукІана армспорт, теннис, шахматал, шашкаби хІай, турникалда цІай.

Спортивияб байрам рагьана районалъул администрациялъул бетІерасул зместитель **Малик Маликовас**. «Районалда гІолилаз спортивиялгун халкъиял тадбиразда жигараб гІахьаллъи гьабиялъе лъикІал ва санагІатал шартІал гІуцІун руго»-ян абуна Маликовас..

ГІолилал спорталде машгъул гьариялъул кІвараялъул бицана спорталъул ва гІолилазул политикаялъул отделалъул нухмалъулев **НурмухІамад МухІамадовас.** «Къимат тІадегІанабгьун ккола спорт, гьелъ щула гьабула сахлъи, инсанасулъ бижизабула цебелъураб масъала тІубазабиялъе гІоло къеркьезе шавкь, бихьинчилъи, камиллъизабула, лъадарула къаркъала, гьединго квербакъула гІолилазда гьоркьоб гьудуллъи щулалъизе, гьел хІажат гьечІебщиналдаса рикІкІад чІезаризе»-ян абуна гьес.

Физкультураялъулгун сахгьариялъул комплексалъул нухмалъулев **Шамил Халидовас** абуна районалда спорталде гьорлъе кигІан кІваниги цІикІкІун гІадамал рачІиналъе гІемераб хІалтІи гьабулеб бугилан, спорталъ гІадан рухІияб рахъалъ бечедав ва щулияв лъугьинавулин.

Хадур тІоритІана спортивиял къецал. Бергьаразе «Гумбет район» муниципалияб районалъул спорталъул ва гІолилазул политикаялъул отделалъул рахъалдасан грамотаби ва сайгъатал къуна.

**«Гумбет» РИО**

МагIарулаз улка берцин гьабуна,
Имамзабаз Кавказ кенчIезабуна. Игьалиса Чупалав

№ 52 14 ноябрь 2016 с.

ГАРА-ЧIВАРИ

# ЦIунаги цIа ккеялдаса, гьелъул заралалдаса

**МухтарахIмад АхIмадов гьавуна ва гIуна МелъелтIа росулъ. Школа лъугIун хадув цIализе лъугьана росдал магIишаталъул специалистал хIадурулеб техникумалде, гьединго лъугIизабуна автодорожнияб институтги.**

ЗахIматалъулаб хIаракатчилъиялда байбихьана районалъул потребителазул гIуцIиялда (райпо) хIалтIиялдасан. 1997 соналдаса 2011 соналъул декабралде щвезегIан МухтарахIмад хIалтIана Гумбет районалъул жанисел ишазул отделалда. 2011 соналъул 1 декабралдаса хIалтIулев вуго МелъелтIа бугеб №45 пожарнияб часталъул нухмалъулевлъун.

«Гумбет» газеталъул хIалтIухъан гьал къояз дандчIвана МухтарахIмад АхIмадовгун ва гара-чIвари ккана цIа свинабиялъул идараялъ гьарулел ругел хIалтIабазда тIасан. Кьуна гьесие чанго суал.

**- МухтарахIмад, кида рагьараб цIа свинабулеб идара, чан хIалтIухъан гьенив хIалтIулев вугев, тIадал ишаздехун гьезул бербалагьи кинаб бугеб?**

- МелъелтIа №45 пожарнияб часть рагьана 2011 соналъул 1 декабралда. ЦIа свинабулеб идараялъе бан буго киналго шартIал жанир ругеб кIудияб кIитIалаяб мина. ХIалтIухъабазе кабинетал гурелги, минаялда жаниб буго гьезие хIухьбахъиялъе рукъ, цIа свинабулаго пайда босулел машинаби ва цогидаб къайи-цIа лъезе гIатIидаб зал, занятиял тIоритIулеб рукъ ва цогидалги бакIал.

ЦIа свинабулеб идаралда хIалтIулев вуго 20 чи. ХIалтIухъаби руго лъикIаб хIадурлъи щварал, тIадал ишаздехун жавабчилъигун балагьулел, намус бацIцIадго хIалтIулел. Нижер коллективалда бищун аслияблъун рикIкIуна захIматалъулаб гIадлу-низам цIуни, гьединаб бакIалда хIалтIул цебетIейги букIуна, хIалтIухъабазда гьоркьоб гьудуллъиялъулаб, вацлъиялъулаб ахIвал-хIал бугони, ракI парахалъиги букIуна. Нагагьги кколаро хIалтIухъаби 5-10 минуталъцин кватIун хIалтIуде рачIиналъул хIужа.

Щибаб къоялъулаб кIвар кьола хIалтIухъабазул лъай борхизабиялде. ТIоритIула занятиял, гьенир цере рахъуна ирга гьабун нухмалъулев ва заместитель гуревги, отделениязул командиралги, шоферзабиги, цIа свинабулел хIалтIухъабиги. Сордо-къоялъ гьоркьоса къотIичIого дежурствоялда рукIуна хIалтIухъаби, жидее бихьизабураб заманаялда.



ЦIа свинабиялъул идараялъул хIалтIул хал гьабизе гьаб соналъул лъабабилеб кварталалда МелъелтIе вачIун вукIана Россиялъул МЧСалъул Северияб Кавказалъул централъул бетIерасул цIаккеялде данде къеркьеялъул пачалихъияб хъулухъалъул рахъалъ заместитель, жанисеб хъулухъалъул полковник **Юрий Землянский**. №45 пожарнияб часталъул хъулухъалъулгун рукIа-рахъиналъул рукъзазул хIалтIиялъе гьес лъикIаб къимат кьуна.

Гьебго лъабабилеб кварталалда МелъелтIе вачIана Россиялъул МЧСалъул Дагъистан республикаялда бугеб бетIераб управлениялъулнухмалъулев, Дагъистан Республикаялъул МЧСалъул министр, генерал-майор **Нариман КазимухIамадов.** Министрас хал гьабуна дежурналъи гьабулел сменабазул хъулухъалъул, пожарнияб часталъул бугеб хIалалъул. Гьес абуна хъулухъалъулгун рукIа-рахъиналъул рукъзабахъ гордазда жалюзал разе, кухнялда мебель лъезе кколин. Жиндирго бихьизаби гIумруялде бахъинабиялъе хIалтIи гIуцIана. КватIичIого мебель щвана, гордазда жалюзаби рана. КIудияб баркала загьир гьабуна киналго хIалтIухъабаз Нариман МахIмудовичасе.

Нижехъе гьоболлъухъ рачIарал гьел нухмалъулез лъикIаб къимат кьеялда тIадеги, ниж рохараб ишлъун ккола хIалбихьи щвезе МелъелтIе пожарнияб часталде аян цIаккеялдаса цIуниялъул цогидал районазул идарабазде хитIаб гьаби.

Республикаялда церегIан соназ 26 пожарнияб часталда гьоркьоб ва исана 59 пожарнияб часталда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалда буго Гумбеталъул цIа свинабиялъул идара.

Районалъул администрациялъги гьабула нижер тIалабагъаз. КъваригIараб –таралъе аскIоре индал кумек гьабула, мебель босана.

**- ГIураб къадаралда техника бугищ?**

- Буго. Исана бачIана тIадеги цоги цIияб машинаги. Хасало цIоролареб бакI бугелъул, залалда лъураб кIиябго машина лъел цIовухъе букIуна чIезабун. МагIарухъ лъим цIунулел хIавузал нагагьалги росабалъ рукIунаро. 500 метралдаса рикIкIад, машина лъел цIезе санагIалъи бугеб бакI бугони, гьеб рикIкIуна лъим дагьаб участоклъун. Нижее нагагь цIа свинабизе хIажалъи ккун, хехаб куцалда лъим цIезе санагIатаб бакI МелъелтIацин гьечIо, тIубараб авалалъе лъим къинабизе ккола цо хасаб заманаялъе.

**- ЦIаккеялъул хIакъалъулъ гIадамаз жиндир заманалда лъазабулищ, лъазабидал хех къватIире цIаккеялдаса цIуниялъул идараялъул хIалтIухъаби рахъунищ?**

- Нижеда лъазабун цо минуталде цIасвинабулел къватIире рахъуна. Гьаниб бицен гьабизе ккола гIадамаз нижехъе кватIун гурони ахIулеб гьечIолъиялъул. Жалго тIаделъун цIа свинабизе кIолин ккун, гIужда ахIулеб гьечIо, кватIун ахIани, чанго минуталдеги «цоцахъе квер кьунин» абухъего, цIаялъ кьолеб зарал дагьаб букIиницха. ЦIа ккеялъул хIакъалъулъ хехго лъазабуни, цIикIкIун заралги кьеларо, нижер хIалтIухъабаздаги хехго свинабизеги кIвела.

**-Районалъул гIадамазде, росабазул администрациязул бутIрузде щиб абизе бокьилеб дуе?**

- ЦIа ккеялъул балагьаздаса цIунула гIадамаз рокъобги, къватIибги, хасго печал ракулеб, азбаразда хер бугеб гьаб хасалил заманалдаги, цIодорлъи гьабуни. Нагагь цIаккани хех ахIе пожарнияб часталде гьал номераздасан: 551785; 26486; бокьараб мобильнияб телефоналдасан 101.



Росабазул администрациязги лъим цIунулел бакIал гьариялде кIвар кьезе хIажат буго. Нилъеда гьикъун бачIунаро тIаде къварилъи. Нагагь хIажалъани цIезе лъим чIезабизе нахъ тIамун тезе бегьуларо. ЦIаялъул балагь нахъчIваялъе хIадурлъи щибаб росулъ, учреждениялда, гIуцIабазда букIине ккола. ЦIа ккеялдаса цIунизе тадбирал гьари, цIаккун гьеб свинабиялдаса ва гьелъ кьолеб заралалдаса бигьаяб ва учузго чIолеблъи баянаб буго.

**- 2016 соналъ цIа свинабиялъул идараялъ гьарурал аслиял хIалтIаби рехселарищ?**

- Гьаризе ругел хIалтIаби рихьизарун лъагIалил план бахъула ва гьелда рихьизарурал тадбирал тIураялде кIвар кьола. Пожарнияб часталъул мина сверухъ бакI къачIана бетон тIун, тIугьдул ва гIурччинлъи гIезабизе бакI гьабуна, минаялда бакI- бакIазда лажбар бахана, каваби автоматикияб къагIидаялъ рагьулеб, къалеб хIал гьабуна, жанисел ва къватIисел рахъазда видеокамераби лъуна. Контролияб-гун пропускнияб пункталъе ремонт гьабуна, хинаб чIабар буго гьениб гьанже.



Гьаб соналъул 9 моцIалъ дежурналъи гьабулеб смена 171 нухалъ къватIибе бахъун буго, гьелдасан цIа свинабизе 5, батIи-батIиял занятиязде 12, ПСПялъул нормативал тIуразе 108, хIалтIулал ругьунлъабазде 16, лъай борхизабиялъе 12, лъел иццазул хал гьабизе 15, гIадамазе кумекалъе 3 нухалъ. ЦIа цебесеб соналдаса цоялъ дагь ккана.

Нижер масъала ккола гIадамазда цIаккеялдаса цIуниялъул къагIидаби ричIчIинари, цIасвинаби, гIадамал ва буголъи заралалдаса хвасар гьари. Гьел масъалаби ричIчIун хIалтIизе руго ниж хадурккунги.

**- Баркала, МухтарахIмад, бакълъулазул росабалъ цIаккей дагьлъаги, гьелъ кьолеб заралалдаса цIунаги.**

**Гара-чIвари гьабуна**
**КъурмагIиз ХIадисовалъ**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

## Лъим цIунизе рукъ бана

**Гьоркь Инхо росулъ жамагIаталъул къуваталдалъун гьабулеб буго, иццахъе чвахулеб лъим цIунарал махул рогIрал жанире рачараб кIудияб рукъ.**

Халалъи 16 метр, гIеблъи 6 метр бугеб рукъ балеб буго шлакоблоказул, гьенире къед гьабизе рачIуна росулъа устарзаби ва гьезие кумекалъе хадурчагIи. Гьеб хIалтIи гьабиялъул аслияб мурад буго, хасало лъим цIоречIого букIин. Гьеб хIалтIи рагIалде бахъинабизе свак гьечIого хIалтIулел руго росдал гIолохъаби.

**Исрапил Заирбегов**


Ингишо росу

ДОКУМЕНТЫ

## Администрация муниципального района «Гумбетовский район»

08. 11.2016 год **Распоряжение** №70

### О проведении всероссийского дня правовой помощи детям

**В соответствии решением Правительственной комиссии Российской Федерации по вопросам реализации Федерального закона «О бесплатной юридической помощи в Российской Федерации» и письмом Министерства образования и науки № 06-8537/07-08/ 16 от 3 ноября 2016г. 18 ноября 2016 года организуется площадка, оказания право¬вой консультативной помощи.**

К основным целевым группам данного мероприятия относятся: дети-сироты и дети, оставшиеся без попечения родителей, лица из числа детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей, а также их законные представители; лица, желающие принять на воспитание в свою семью ребенка, оставшегося без попечения родителей; дети-инвалиды и их законные представители.

Для этого создать рабочую группу в составе:

**1.Курамагомедов М.Б.- нач. отдела образования**

**2.Умаракаева П.М.- спец. по опеке и попечительству**

**3.Сурхаев М.А.- нач. юридического отдела**

**4.Зубайров М.А.- секретарь КДН**

**5.Гусейнов М.З.- инспектор ПДН ОМВД по Гумбетовскому району.**

Объявить телефоны «Горячей линии» 26 236; 26 240; 8 928 058 96 19 Информацию о мероприятии разместить на официальных сайтах администрации и управления образования , а также осветить в средствах массовой информации.

Все граждане категории: дети-сироты и дети, оставшиеся без попечения родителей, лица из числа детей- сирот и детей, оставшихся без попечения родителей, а также их законные представители; лица, желающие принять на воспитание в свою семью ребенка, оставшегося без попечения родителей; дети-инвалиды и их законные представители ,могут обращаться по телефонам « горячей линии» : 26 236; 26 240; 8 928 0589619, а также обращаться лично по адресу: с. Мехельта, орган опеки и попечительства.

**И.о . главы администрации «Гумбетовский район» Абдулагаджи Абдулкадыров**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

## Информация об уплате имущественных налогов

**Федеральная налоговая служба информирует, что в текущем году срок уплаты гражданами всех имущественных налогов: земельного, транспортного, налога на имущество физических лиц перенесен на конец года - 1 декабря.**

Уплата налогов осуществляется налогоплательщиками на основании направленного налоговым органом налогового уведомления и платежных документов к нему или в электронном виде через онлайн сервис «Личный кабинет налогоплательщика физического лица».

Так как в соответствии со статьей 52 Налогового кодекса Российской Федерации налоговое уведомление должно быть направлено в срок не позднее 30 рабочих дней до наступления срока уплаты налога, налоговые уведомления за 2015 год будут разосланы до 18 октября 2016 года. В указанном налоговом периоде для всех категорий граждан, освобожденных полностью или частично от уплаты имущественных налогов, льготы сохранены.

Правила исчисления земельного и транспортного налогов за 2015 год не менялись.

Налог на имущество физических лиц в этом году будет рассчитан исходя из двух вариантов налоговой базы: инвентаризационной или кадастровой стоимости объектов недвижимости. Решение о том, какая будет налоговая база, принимают администрации субъектов Российской Федерации до 2020 года. С 2015 года в 28 субъектах Российской Федерации в качестве налоговой базы установлена кадастровая стоимость.

В остальных регионах сохранился старый порядок исчисления налога на имущество физических лиц.

При этом, вне зависимости от того, какая на территории субъекта Российской Федерации применяется налоговая база, весь перечень категорий граждан, которые ранее освобождались от уплаты налога, сохранен (15 категорий: инвалиды I и II групп инвалидности и участники ВОВ и приравненные к ним, пенсионеры и т.д.).

Для всех остальных лиц, уплачивающих налог от кадастровой стоимости, предусмотрены вычеты (уменьшение налоговой базы) в отношении жилых объектов: 10, 20, 50 кв. метров, соответственно на комнату, квартиру, жилой дом.

Вычет предоставляется на каждый жилой объект: то есть если, например, в собственности две квартиры, налоговый вычет будет предоставлен при исчислении налога на каждую квартиру, при том - автоматически, без какого-либо заявления в налоговую инспекцию.

Таким образом, владельцы комнат до 10 кв. м., жилых домов до 50 кв. м. включительно налог уплачивать не будут.

Налоговые органы рассчитывают налог на основе данных Росреестра о кадастровой стоимости и органов местного самоуправления о ставках и льготах. До получения налоговых уведомлений граждане самостоятельно могут рассчитать сумму налога, воспользовавшись специальными калькуляторами на сайтах субъектов Российской Федерации, а также на сайте Федеральной налоговой службы.

Ознакомиться с размером кадастровой стоимости своего имущества граждане могут на сайте Росреестра.

В случае, если оспаривание кадастровой стоимости произошло после уплаты налога, налоговый орган пересчитает величину налога и зачтет разницу в следующем году или вернет излишек налога лательщику по его заявлению.

Налоговым кодексом предусмотрен равномерный переход на налогообложение от кадастровой стоимости до 2020 года: в первый год налог будет исчислен с понижающим коэффициентом - 0,2, во второй - 0,4, в третий - 0,6, в четвертый - 0,8.

Полная сумма налога, рассчитанного от кадастровой стоимости объектов недвижимого имущества, будет оплачиваться гражданами только по истечении пять лет с момента принятия соответствующего решения органами власти субъекта Российской Федерации.

Для основной категории граждан более, чем в шесть раз снижены размеры предельных налоговых ставок. Если ранее максимальная ставка налога составляла 2%, то, в случае перехода на налог от кадастровой стоимости ставки не превышают 0,3% (жилые дома, комнаты, квартиры, гаражи, хозяйственные строения).

Вы можете самостоятельно узнать размер своей задолженности по всем уплачиваемым налогам, не связанным с предпринимательской деятельностью и распечатать платежные документы для оплаты в банках. Для этого необходимо знать свой идентификационный номер налогоплательщика (ИНН) и посетить сервис «Узнай свою задолженность» на сайте Управления ФНС России по РД (http://www.r05.nalog.ru/).

**Шамил Гаджиев, заместитель начальника межрайонной инспекции ФНС России № 12 по РД, советник государственной гражданской службы РФ 2 класса**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## «Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

### Подписка - 2017

**Хириял районцоял! Байбихьун буго 2017 соналъе газетал ва журналал хъвазе, гьездаго гьоркьоб нилъерго районалъул «Гумбет» газеталъеги подписка гьабизе**.

Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделенияздасанги, «Гумбет» газеталъул редакциялдасанги. Районалъул гIумру бихьизабулеб матIу ккола райгазета. Гьелдасан нужеда лъала районалъул гIумруялъул, гьелъул цIилъабазул, церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ.

ХIурматиял росабазул администрациязул бутIрул, районалъул идарабазул, гIуцIабазул нухмалъулел, газета цIалулел! ХIаракат бахъе цIияб соналъе «Гумбет» газета щивав хIалтIухъанас хъвазе, щибаб коллективалъ редакциялъулгун щулияб бухьен кквезе.

Ниж божарал руго, нужер кумекалдалъун 2017 соналъ газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.

**Газеталъул багьа лъагIалие**:

**Почалдасан – 366,96 гъ.**

**Редакциялдасан – 200 гъ.**

**Бащдаб лъагIалие:**

**Почалдасан – 183,48 гъ.**

**Редакциялдасан-100 гъ.**

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

## Дни открытых дверей

**Уважаемые налогоплательщики! 18-19 ноября 2016 года в офисе межрайонной ИФНС России №12 по РД и на территориально обособленных рабочих местах (ТОР-Мах) Ботлих, Агвали, Карата и Мехельта пройдут дни открытых дверей для налогоплательщиков физических лиц:**

18 ноября 2016 года (пятница) с 08.00 до 20.00 19 ноября 2016 года (суббота) с 10.00 до 15.00

В рамках мероприятия все желающие смогут больше узнать о порядке исчисления и уплаты налога на имущество физических лиц, земельного и транспортного налогов.

Специалисты налоговых органов подробно расскажут о том, кто должен уплачивать имущественные налоги, в какие сроки, какие ставки и льготы применяются в конкретном муниципальном образовании, а также ответят на другие вопросы граждан по теме налогообложения.

Все желающие смогут прямо на месте пройти процедуру регистрации в Интернет-сервисе ФНС России «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц». При себе необходимо иметь документ, удостоверяющий личность, и оригинал или копию свидетельства о постановке на учет физического лица, уведомление о постановке на учет.

**Межрайонная ИФНС России №12 по РД.**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1264
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.